

Ale nan ER si ou:

- Pèdi konnesans
- Kase yon zo nan kò w
- Touse san oubyen vomi san
- Gen yon maladi grav ki parèt yon sèl kou
- Santi kote ki lou nan figi w, janm ou, oubyen bra w
- Bwoule grav
- Kase tèt ou
- Gen yon timoun piti ki fè yon aksidan

Pa ale nan ER pou:

- Malzòrèy
- Rim sèvo, touse, oubyen grip
- Boule ki pa grav
- Fouli
- Pran vaksen
- Pran vaksen kont grip
- Malgòj

Si gen yon ka ijans, rele 911:



**Swen Medikal
Nan Etazini
(Medical Care in
the United States)**

(Haitian Creole)



www.refugees.org

*Protecting Refugees, Serving Immigrants,
Upholding Freedom since 1911*

ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK:

riht@uscrdc.org

**U.S. Committee for Refugees and
Immigrants**

**1717 Massachusetts Ave., NW
Suite 200**

Washington, DC 20036

Telefòn: 202 • 347 • 3507

Faks: 202 • 347 • 7177

www.refugees.org

*Men non kote ki finanse piblikasyon dokiman
sa a: Department of Health and Human
Services Office of Refugee Resettlement.*

VIV AN SANTE

SWEN MEDIKAL NAN ETAZINI

Nan Etazini, gen plizyè jan moun ka resevwa swen medikal, men jan pifò moun fè se:

- Vizit kay doktè
- Klinik pou sèvis ijans (yo konn rele klinik san randevou)
- Sèvis Ijans lopital (ER)

KILÈ POU MWEN ALE FÈ YON VIZIT KAY DOKTÈ?

Pou fè yon vizit kay doktè, ou pran yon randevou pou ale wè doktè prensipal ou nan klinik li. Ou dwe pran randevou pou yon vizit kay doktè pou:

- Rim sèvo, touse, oubyen grip
- Malzòrèy
- Vaksen kont alèji
- Iminizasyon
- Egzamen fizik chak ane

KILÈ POU MWEN ALE NAN YON KLINIK POU SÈVIS IJANS?

Klinik pou sèvis ijans, oswa klinik san randevou yo, sanble anpil ak klinik òdinè yo, men ou pa bezwen randevou pou ale la. Pase pou w wè doktè prensipal ou, w ap wè nenpòt ki doktè ki desèvis nan klinik pou sèvis ijans lan. Anpil fwa, klinik pou sèvis ijans yo tou pre yon lopital oswa yon sant komèsyal, epi yo konn ouvri depi bonè nan maten pou fèmen ta nan aswè. Ou dwe ale nan yon klinik pou sèvis ijans lè w gen yon maladi oswa yon aksidan ki pa grav, tankou:

- Malzòrèy
- Kout solèy oswa boule ki pa grav

- Rim sèvo, touse, oubyen grip
- Ti lafyè
- Egzamen fizik pou lekòl oubyen pou travay
- Vaksen kont alèji

KILÈ POU MWEN ALE NAN YON SÈVIS IJANS LOPITAL (ER)?

W ap jwenn sèvis ijans lopital yo, ki rele ER (dapre non angle a, "Emergency Room") nan lopital. Yo ouvri 24 sou 24, 7 jou sou 7. ER yo fè peye plis lajan pase vizit doktè ak klinik pou sèvis ijans yo. Si w ale nan yon ER san ou pa gen yon pwoblèm grav, ou ka genyen pou w tann lontan. Ou dwe ale nan ER yo pou gwo ijans oswa pou maladi grav tankou:



- Doulè nan kòf lestomak ou, kote ki lou nan figi w, oswa nan bra w, oswa nan janm ou, oubyen si w pa kapab pale nòmalman
- Gwo lafyè avèk kou w rèd, konfizyon nan lespri w, oubyen si w pa kapab pran souf
- Souf wo anpil (gwo efò pou pran souf)
- Pwazon
- Pèdi konnesans yon sèl kou
- Touse san oubyen vomi san
- Sentonm ou pa janm genyen anvan, oubyen sentonm grav ki parèt yon sèl kou

SI W ALE NAN YON ER:

- 1) Pare pou w bay non ak nimewo telefòn doktè w nan ER la.
- 2) Di enfimyè ak doktè nan ER la ki medikaman (grenn) w ap pran.
- 3) Di enfimyè oswa doktè ER la si w gen yon pwoblèm ak sante w.